Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 7.6 MILYON DOLA YO AKÒDE POU KREYE 22 INITE LOJMAN SIPÒ NAN KONTE ERIE AK STEUBEN

Pwal kreye 22 inite lojman sipò pèmanan pou granmoun aje ak fwaye ki te sanzabri anvan yo

Devlopman yo bati sou angajman Gouvènè a pou ogmante rezèv lojman sipò ak abòdab atravè Eta New York

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo bay plis pase 7.6 milyon dola pou de pwojè nan Konte Erie ak Steuben ki pral kreye 22 inite lojman sipò pèmanan pou fanmi ak moun ki te sanzabri.

"Tout Nouyòkè merite gen aksè ak yon kote ki an sekirite, ki estab ak abòdab pou yo rele lakay yo, espesyalman moun ki pi vilnerab pami nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo devlopman lojman sipò sa yo pral bay ansyen Nouyòkè ki te sanzabri yo aksè ak sèvis yo bezwen pou yo pwospere nan kominote pa yo."

Sibvansyon yo—ki akòde atravè yon pwosesis konpetitif pa Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP), Biwo Asistans Tanporè ak Moun Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) —ki se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Avèk dènye prim sa yo, HHAP te angaje plis pase 98 milyon dola nan 128 milyon dola a nan finansman yo te bay nan bidjè Ane fiskal 2024 la. Pwojè ki te resevwa finansman yo se:

- **People Community Housing Development Corporation and People Inc.** - 2.7 milyon dola pou devlope sèt inite lojman sipò pèmanan nan Hamburg pou granmoun aje ki te sanzabri. Pwojè yo pwopoze a, Juniper Apartments, enplike konstriksyon de bilding ak yon total 65 apatman abòdab ki pral sèvi tou adilt ki gen ti revni, ki gen ladan moun ki gen laj 55 ane ak plis. Sèvis sipò yo, ki ofri pa People, Inc., gen ladan jesyon ka, fòmasyon sou konpetans esansyèl, sipò enfimyè, sèvis reprezantan benefisyè, ak sèvis konsèy.

- **Housing Visions Consultants, Inc.** - 4.9 milyon dola pou devlope 15 inite lojman sipò pèmanan nan Corning pou ansyen moun ki te sanzabri yo ki gen 55 ane oswa plis. Sa fè pati yon pi gwo pwojè, Parish Heights, ki pral kreye tou 30 apatman abòdab, ansanm ak yon etablisman gadri. Pwojè a, ki te resevwa finansman tou atravè pwogram Restore NY Empire State Development lan, gen ladan renovasyon sibstansyèl yon bilding ki egziste deja ak nouvo konstriksyon yon bilding rezidansyèl. Corning Council for Assistance and Information for the Disabled, Inc. pral ofri sèvis sipò epi yo pral gen ladan jesyon ka, entèvansyon kont kriz, asistans legal ak finansyè, sèvis rekiperasyon, sipò sante mantal, ak sèvis medikal, pwofesyonèl, ak sèvis anplwa.

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Envestisman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a nan pwojè sa yo pral bay granmoun aje ki te fè eksperyans sanzabri yo lojman pèmanan ak aksè sou plas ak sèvis sipò esansyèl yo bezwen pou reyalize epi kenbe lavi ki estab nan kominote pa yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye pran aksyon pou ogmante rezèv lojman sipò pèmanan atravè eta a pou rann New York vin pi abòdab ak vin pi bon pou tout moun."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Lojman sipò se yon eleman entegral nan efò nou yo pou asire Nouyòkè ki pi vilnerab yo gen aksè ak lojman ki an sekirite ak nan pri ki ba, ansanm ak sèvis ki ka mennen nan pi bon rezilta sante, tankou konsèy, sipò enfimyè, ak sèvis medikal. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li nan bay envèstisman enpòtan sa yo pou granmoun ki te ansyen sanzabri, ki pral ede asire yo rete nan yon anviwònman ki estab ak aksè ak asistans ki nesesè yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Restore NY se yon pati endispansab nan zouti devlopman ekonomik nou an pou ranfòse ak rekonstwi kominote yo. Inisyativ enpòtan sa a pral bay finansman esansyèl pou devlopman lojman ki bay sipò, pou asire Nouyòkè ki merite yo gen yon bèl kote pou yo rele lakay yo epi ki abòdab, ak yon avni ki pi estab epi ki pi vibran."

Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare, "Pwojè sa yo pral ofri opsyon pou fanmi ak moun ki bezwen lojman sipò ak abòdab. Lè yo fè li posib pou plis moun viv poukont yo, pwojè tankou sa yo ede amelyore kalite lavi pou moun ki abite nan kominote nou an."

Manm asanble Phil Palmesano te deklare, "Pwojè enpòtan sa a pral kontribiye anpil pou adrese bezwen pou lojman abòdab ak dirab nan kominote nou an. Finansman pou pwojè sa a pral bati sou patenarya solid kominote a ak founisè sèvis lokal yo pou kreye inite lojan adapte miltijenerasyonèl pou moun ki gen revni miks, ki totalman aksesib pou moun ki nan bezwen pou anpil jenerasyon. Mèsi Biwo Asistans Tanporè ak Andikap NYS la paske yo rekonèt bezwen sa a epi sipòte kominote nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral People Inc., Anne McCaffrey, te deklare, "Pwojè Juniper Apartments la adrese yon bezwen ki byen dokimante pou alafwa lojman sipò ak lojman abòdab nan zòn nan. Prim sa a se yon ogmantasyon enpòtan nan efò nou pou kreye yon avni kote tout moun gen aksè ak lojman yo chwazi. Nou rekonesan pou finansman an, ki fè nou pi pre pou nou demare devlopman enpòtan sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Housing Visions Consultants, Inc., Ben Lockwood, te deklare, "Housing Visions kontan resevwa prim HHAP sa a an patenarya ak AIM Independent Living Center ki se founisè sèvis nou an, ki pral mennen nan kreyasyon lojman pou lokasyon abòdab ki amelyore lavi granmoun aje vilnerab yo nan Konte Steuben ak Vil Corning. Prim HHAP la pral katalize redevlopman ak revitalizasyon ansyen legliz St. Vincent de Paul la nan Corning epi sèvi kòm yon egzanp pozitif pou re-imajine ansyen bilding relijye ak kanpis yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU